

AGATABU K'IVYIBUTSO . *

INTANGAMARARA : IMVO N'IMVANO Z'ICO GITABU C'IVYIBUTSO.

1. Mama Angela, umusavyi atabikwiye, wa Yezu Kristu,
2. ku bakobwa n'abavukanyi biwe akunda, babazwa Umuryango wa Ursula Mweranda.
3. Ubukomezi bwa Mutima Muhoza bwamane namwe mwese,
4. Kugira ngo mushobore gushigikira no kurangura rugabo, nk'intatana mu ndagano, ubutumwa mujeje.
5. Kugira ngo kandi mwigurire kuronka impera y'agatangaza Imana yabateguriye, iyo muzokwigerera, umwe umwe ku ruhara rwiwe, ngo mugumye ibanga n'umwete mufitiye abandi "bageni ba Kristu".
6. Mwabashinzwe ngo bakomere kw'ibanga, ngo mubarinde akabi nk'abungere bama maso, kandi nk'abakozi beza.
7. Nico gituma mwahamagariwe gusenga Imana ngo ibamurikire, ibarongore kandi ibigishe ivyo mutegerezwa gukora kubw'urukundo rwayo mur'ubwo butumwa.
8. Nta bundi butumwa mbere burut'ubwo bwo kuba abarinzi "b'abageni b'Imana" iri hejuru ya bose na vyose.
9. Kuber'ivyo ni mwame muzirikana ingene mutegerezwa kububaha.
10. Na kare uko muzoter'imbere mu kububaha, niko muzobakunda kurushirizaho mu kubitwararika no mu kwitonda.
11. Ijoro n'umutaga muzobitwararika mu mutima bashushanijwe, umwe umwe ukwiwe, mu mushaha wanyu, kuko urukundo nya rukundo ar'ico rukora.
12. Ntimugire ngo n'umuzigo uremereye, erega riho, muhamagawe gushimira Imana mu buryo bwose, kuko yabateye iteka ryo kubashira mu gitigiri c'abo We ashaka ngo mubihebere mu kubatwara no kubazigama nk'itunga ry'igicro ntangere.
13. N'iteka rinini, n'iragi ry'intabonwa, iyo muzi kubitegera.
14. Ntimwihebure mu kwiyumvira yuko mutazi ico mutegerezwa gukora, kuko ari ico Imana ishaka mur'ubwo butumwa.
15. Ni mwizigire kandi mwemere Imana mushimitse, kuko izobashigikira muri vyose.
16. Muyisenge, mwicishe bugufi imbere y'ubushobozi bwayo, kuko Yoyo, mu kubaha ubutumwa nk'ubwo, izobaha kandi amagara yo kubirangura, ni mutayihemukira
17. Ni mukore, mubanguke, mwemere, mwigore, mumutere akamo n'umutima wanyu wose.
18. Nta gukeka, muzokwibonera ivy'agatangaza iyo mutumbereza vyose mu buninahazwa no mw'izina ryayo mu gukora ineza y'abavandimwe.
19. Mu bindi mwashinzwe gukora, mutumwe n'ubunywanyi bw'Imana,
20. ndabatakambiye mwese, erega ndabinginze nshimitse kubw'urukundo rw'ibabara rya Yezu Kristu, kubw' rukundo rwa Bikira Mariya, ngo murangure izo ngingo nkeyi ngenderwako nza kubashikiriza.
21. Izo ngingo muzogenderako, jewe maze kwitaba Imana, zizobabera icibutso c'ugushaka n'icipfuzo vyanje.
22. Niho nzomenya ko mushaka kunshika ku nyota.
23. Ni mumenye kandi yuko, mfuye, nzoba ndi muzima kurut'uko nari nkiri kw'isi.
24. Kandi niho nzobona, kandi nkashima, mu buryo bushitse, ibikorwa vyiza muzobandanya gukora.
25. Mw'ijuru ni ho nzobandanya ndabashigikira nongera ndababagirira ineza mu buryo bwose.

*** Menya yuko "Icibutso" n'ukuvuga : "impanuro", canke "inama nziza" canke "ingingo ngenderwako" Angela Merici Mweranda yadusigaranye.**

ICIBUTSO CA 1. UKWICISHA BUGUFI. TURI ABASAVYI B'IMANA.

1. Ng'ico icibutso ca mbere, bana banje n'abavukanyi banje nkunda mu Maraso ya Kristu !
2. Ndabibutsa ngo mwigore, mufashijwe n'Imana, mwakire, kandi muteragire muri mwebwe ico cyumviro n'uwo mutima mwiza: Ntimwiyumvire ko mu kuba "abahetsi" b'abandi, mwoba abakuru n'abatwara abandi.
3. Erega ni mwiyumvire yuko muri abasavyi n'abakozi b'abandi. Mutegere yuko ari mwebwe mukeneye kubakorera, kurut'aho bo bakeneye gukorerwa, no kurongorwa.
4. Kuko Imana yoshobora kubategekaniriza ibindi bikoreho biruta na kure ivyanyu mu kubitwararika.
5. Mu kigongwe cayo yashatse gukoreha mwebwe nk'ibikoreho vyayo ku neza yanyu, kugira ngo mushobore kuberwa n'ubwiza bwayo ntangere, mukaronka impera yayo bwite.
6. Ni mwigishwe n'Umukama wacu, We, akiri kw'isi, yababereye umusuku mu kugamburukira Data yamaha, gushika apfe.
7. Kuber'ivyo yavuze ati : *"Jewe hagati yanyu, nabaye nk'uwubakorera atari nk'uwukorerwa"* (Mk. 10,35-45)
8. Twibuke akarorero ka Gregori mweranda, naho yari Papa, yiyita *"umusavyi w'abasavyi b'Imana"*.
9. Mur'ubwo buryo yararangura ubutumwa bw'umukuru n'ubwa Papa. Ariko mu mutima wiwe yari yemeye kwishira inyuma y'abandi, nk'umusavyi w'abasavyi b'Imana, mu kwibuka ivyanditswe mu Njili : *"Umukuru muri mwebwe yigenze nk'umutoyi w'abandi"*(Lk. 22,26).
10. Nuko nyene na mwebwe, ni mube abakuru bemera kuba mu nyuma yabo murongoye.
11. Kuko mwigengeje gurtyo, Imana nyene izobaninahaza kuko mwifashe ruto.
12. Mbere umutima w'umusavyi w'Imana mu vy'ukuri kandi w'umwitonzi ntiwicisha bugufi ku busa. Urasubiza hasi ivyipfuzo vyo kwubahwa ugutariko, n'uburyohe bwo kuninahazwa.
13. Kubera kuko yizigira kandi arorera ubundi buryohe bumuryohera kuruta kandi bumuronkera iteka n'ubuninahazwa bivuye ku Mana.
14. Ivyo birashoboka kuko yemera ata gukerekereza ico Injili imubwira : *"Uwicisha bugufi , niwe azoninahazwa"*(Lk. 18,14), n'ukuvuga yuko uwishira hasi azoshimagizwa.

ICIBUTSO CA 2. UGUHANURANA URUKUNDO N'IGISHIKA.

1. Ni mukunde kuganirana urukundo n'ubuntu ku bigeme musangiye umubano.
2. Ni mwigore mu bikorwa vyanyu, mutumwe n'urukundo rw'Imana rwo nyene. Ni mutumwe n'umwete, imisi yose aho muhanura mugahagarikira abo bigeme, haba mu kubakingira akabi, haba mu kubinginga mu vyiza.
3. Na kare muzoronka vyinshi gusumba mubigiranye urukundo n'igishika, bitari mu buhambazi n'amashavu.
4. Ivy'uguhambara bigirwe rimwe rimwe aho bikenewe gusa.
5. Kandi ivyo biseruke mu gihe cavyo , no mu mwanya wavyo.
6. Urukundo rwo nyene rurongora ikintu cose, kugira ngo Imana ininahazwe, kandi umuntu yunguke mu bwitonzi bukwiye.
7. Urukundo kandi rutuma umushaha w'umuntu gutora ico yofata n'ico yoreka mu guhanurana ubwitonzi canke ubuhambazi aho bikwiye.

8. Mubonye umuntu atinya, akicisha bugufi, agakunda kwihebura n'ingoga, n'umureshe, n'umusubize umutima mu nda, n'umukundishe ikigongwe c'Imana, n'umwagurire umutima mu buryo bwose.
9. Ku rundi ruhande, iyo ufise uwundi yishima, yikundira vyose ata nkomanzi, atakunda gusenga, n'umukankamire mu buryo bukomeye.
10. Kandi mwibutse ubukazi bw'ubutungane bw'Imana, ko "Imana itashinyagurizwa".
11. N'umwibutse ingene igicumuro gifise amayeli menshi mu guhenda. N'umufashe gutegera imitego myinshi dusanga imbere yacu. Ingene dufise vyinshi bidutuma gutinya Imana, uko ibitabu vyeranda bibidukeburamwo ngo: "*Hahiriwe uwitonda yoye gutemba*"

ICIBUTSO CA 3. UBUGAMBURUTSI N'ICUBAHIRO.

1. Ni mwame mugamburukira abavyeyi bakuru bazonsubirira mu kibanza, uko bikunze.
2. Ivyo mukora, mubigire mu kubagamburukira atari mu gukurikira ivyipfuzo vyanyu.
3. Kuko mu kubagamburukira, muzoba mungamburukira. Mu kungamburukira, muzogamburukira Yezu Kristu.
4. Egome, Yezu Kristu mu kigongwe ciwe ntangere, yantoye kuba umuvyeyi, nkiri muzima, canke mfuye, w'uwo Muryango w'iteka, naho kubwanje ntakwiye na gatoya.
5. Kandi ko yantoye, yarampaye n'inema yo kubarongora kubw'ugushaka kwiwe.
6. Ariko, bishitse mukagira imvo n'imvano zo kubatatira, murabigirana ubwitonzi n'icubahiro.
7. Batashatse kubitegera, murihangana !.
8. Nimumenye yuko ari vyiza gukunda abavyeyi iyo bameze neza, n' ukubihanganira iyo bagoye.
9. Ni mwikingire, mu buryo bwose, ivyo kwidodomba, ivyo kwidoga, n'ivyo kubararaza, haba ku bantu bo hanze, haba ku bigeme banyu.
10. Aho muri hose, muter'iteka, kandi mwubahirize abavyeyi banyu. Mwibutse yuko, iyo Imana itegeka kwubaha so wawe na nyoko wawe babavyaye kubw' umubiri, nkanswe mwoter'iteka "abahetsi" n'abavyeyi banyu.
11. None rero, murondere uburyo bwose kugira ngo abahetsi bahabwe iteka n'icubahiro mu bigeme banyu.
12. Mwiyumvire yuko, nimba ari beza, ntimuzoba mubikwiye. Nimba ari babi, mwoberwa no kuronka ababarusha ububi.
13. Ariko kandi iyo mufise ikibatera umwikomo kibababaza muri bo, mwogira neza, mu bwitonzi kandi hiherereye, mwohanuza umuntu mwiza kandi w'ingumyabanga muri vyinshi.
14. Ico mwomenya neza kandi n'uko mwumvise ko hari abigeme bagira bahatswe kunyagwa urukiza n'iteka, ntimubakundire, ntimuvyihanganire kandi ntimuvyirengagize..
15. Ariko ivyo vyose nimuvyihweze mu gusobanura neza akatsi n'ururo, mu bwitonzi.

ICIBUTSO CA 4. UGUSHIGIKIRANA MU BUKENE.

1. Mwitwararike, kandi mwame maso, mu kumenya no mu gutegera imyifato y'abigeme banyu. Nimumenye ivyo bakeneye ku mutima no ku mubiri.
2. Ni muvyitwararike mwebwe nyene mu kubibaronsa, uko mushobora kwose, mwoye kubagora no kubatirimutsa.

3. Nimba mwebwe mutabishobora, mutabaze abavyeyi bari hejuru yanyu. Kandi mubigire mutatevye, ataco mutinya, mu kwerekana ivyo intama zanyu zikeneye.
4. Iyo batevye kwishura mu kubibaronkera, mubisabe mushimitse.
5. Mur'ivyo, kuri jewe, "ntimutinye kungora no kuntera umwikomo".
6. Kuko, iyo kubw'urwangara rwanyu, bamwe bamwe botakara, muzobibazwa n'Imana ku musi w'urubanza.
7. Mbere mutegerezwa kukimenya, nk'ikintu c'ukuri cane, ko Kristu atazosiba na rimwe kubaronsa ivy'umutima n' ivy'umubiri, hasanzwe bitavuye mu rwangara rwanyu.
8. Kuko, iyo Imana yatanguje uwo Muryango, ntizokwigera iwuheba.
9. Mbere Ibitabu Vyeranda bivuga biti : *"Sindigera mbona intungane yatabwe, eka n'abayikomokako baja gusega"*.

ICIBUTSO CA 5 : UKUBA INGUMYABANGA MU MIGENZO YOSE.

1. Bivanye n'umwanya hamwe n'uburyo mufise, cane cane ku musi w'Imana, ni mushinge ingingo yo kugenda kuramutsa abana n'abavukanyi banyu mukunda.
2. Mubaramutse, mubone uko bameze, mubareshe, mubakomeze mu butumwa batanguriyeko.
3. Nimubatumire kwipfuzza ubuhirwe n'ivyiza vyo mw'ijuru. Mubatumire gukumbura imisi mikuru yuzuye urweze rushasha rw'ijuru, n'intsinzi izotunzezeza mu myaka yose.
4. Nimubafashe guheba imisi yose kurushirizaho urukundo rwo ngaha kw'isi ikunda guhemuka. Urukundo rwo ngaha kw'isi ntiruguma hamwe kandi ntirushobora kudushika ku nyota.
5. Ngaha kw'isi hari indoto zitagira mvura, canke amagorwa arura, n'ibintu bitatanga urweze rw'ukuri. Erega n'urweze rumugaye.
6. Nimubahanure kugira ngo imuhira iwabo, hagati mu bantu, bigenze neza, n'umuzirikanyi mwiza, mu bwitonzi no mu bwerentegerwa.
7. Bareke kuvuga menshi. Bigerere muri vyose.
8. Bafungure kandi banywe atari mu kwipfuzza guhaga gusa canke mu kwipfuzza kumara inzara n'inyota gusa. Babigire ngo bakomeze ubuzima babonereho gukorera Imana neza kurushirizaho.
9. Bamenye kwigerera no mu kuryama. Babigire uko bikwiranye n'amagara y'ubuzima.
10. Erega no mu gutwenga babe abitonzi. Batwenge mu ngero ikwiye.
11. Mu kwumviriza baryoherwe mu gutegera ivy'ubupfasoni, ibishoboka, n'ibikenewe vyo nyene.
12. Mu kuyaga, amajambo yabo yose abe ay'ubwitonzi, mu kwigerera neza. Abe amajambo atakomeretsa, abe amajambo yuzuye ubuntu kandi atuma kwumvikana no gukundana.
13. Nimubabwire ngo, aho bari hose, batange akarorero keza.
14. Ngo babere abandi bose akamoto k'ingeso nziza.
15. Bamenye kugamburukira no kwubaha abakuru babo.
16. Kandi bagerageze kuremesha amahoro aho bari hose.
17. Hejuru ya vyose bicisha bugufi, kandi bakunde kuyagira bose.
18. Imyifato yabo yose, ibikorwa vyabo vyose, amajambo yabo yose, bibe mu rukundo. Barinde ibibashikira vyose mu kwiyumanganya. Mu rukundo no mu bwiyumanganyi niho bamena umutwe Shetani.
19. Kandi aho muzobagendera, ndabatumye kubaramutsa kandi no kugwana mu nda kw'izina ryanje.

20. Muzobabwira ngo bagerageze kwung'ubumwe no kunywana na bose, kuko na kare bagamburukira Itegeko rimwe, ribabera ishimikiro rya vyose.
21. Batere iteka Yezu Kristu, kuko ari We bahereje ubwerentegerwa bwabo, n'ubuzima bwabo bwose.
22. Bashire ukwizera kwabo n'urukundo rwabo ku Mana yo nsa, hatari ikiremwa umuntu.
23. Mubahoze, mubareshe kugira ngo bamane umwete mwiza.
24. Kandi muzobashikiriza iyo nkuru nziza nanje nahawe na Yezu Kristu kandi na Bikira Mariya :
25. "Nibahimbarwe, bagire umusi mukuru, kuko mw'ijuru kuri bose, kandi umwe umwe ukwiwe, bazosanga bateguriwe urugori rw'ubuninahazwa n' urw'ubuhirwe".
26. Ivyo bizoranguka iyo bazi kuba ingumyabanga bagakomeza ingingo itashinguka bari bashinze,
27. bakongera bakigora mu kurangura Itegeko.
28. Kur'ico nta makenga na makeyi dufise.
29. Naho, rimwe rimwe, bazobona amagorwa n'umubabaro, ivyo bizohera n'ingoga, kandi bizohinduka mu kanyamuneza n'agahimbare.
30. Erega, umubabaro wo ngaha kw'isi n'ubusa, tuwugereraniye n'ivyiza tuzosanga mw'ijuru.
31. Kandi bemere ata makenga uko kuri : "ko mu magorwa yabo Imana itazobaheba, kandi izobitwararika mu buryo bw'agatangaza".
32. N'ukuri, ntibihebure na gatoyi.
33. Harabaye abatunzi benshi, abamikazi n'abandi bantu rurangiranwa mu ntara, naho bari n'amatungo menshi, naho bari n'ubushobozi bwinshi, batashoboye kuronka ikibahoza c'ukuri mu magorwa babonye !
34. Mweho yamara, naho muri batobato, muzoronka uruhoza n'akoyoko k'imitima yanyu.
35. Muzobabwire ko ubu ndi muzima kurut'aho bahora bambona imbonankubone.
36. Ko n'ubu ndababona, kandi ndabamenya.
37. Ko nshobora kandi nshaka kubafasha.
38. Ko nzokwamana nabo turi kumwe n'Umukunzi wanje bwite, eka n'Umukunzi wacu rusangi, dusangiye twese.
39. Ivyo vyose kugira ngo bemere, kandi bareke kwihebura no guta ingata.
40. Gurtyo rero ni mugwize imihango, kuko izoranguka mu buzima no mu bikorwa, cane cane kur'abo muzosanga bihebuye, bakekerezwa kandi batinya.
41. Mubabwire ko bokwipfuzwa kumbona atari ngaha kw'isi, ariko mw'ijuru, ahari Urukundo rwacu.
42. Dushire hejuru muri We amizero yacu, atari ngaha kw'isi.
43. Bagire Yezu Kristu nk'itunga ry'ukuri, ryaba rimwe gusa, kuko bazosanga muri We urukundo rwabo.
44. Ntidutegerezwa kumurondera ngaha kw'iyi isi, mugabo hejuru mw'ijuru, iburyo bwa Data nkuko Umutumwa abivuga : *"Ko mwazutze hamwe na Kristu ni murondere ivyiza vy'ijuru. Nimwinovore ibiri mw'ijuru, hatari kur'iyi isi"* (Kol.3,1)

ICIBUTSO CA 6. UKUBERA ABANDI AKARORERO BARABIRAKO.

1. Muriho kandi mwigenza ku buryo abo murongoye bashobora kubarabirako.
2. Iyo mushaka ko babagirira, ni mubikore mwebwe nyene ubwambere
3. Na kare mwoshobora gute kubakankamira no kubahanura ku makosha amwe amwe, mu gihe iryo kosha rikiri muri mwebwe ?
4. Mwoshobora kubigisha gute kurangura ingeso nziza ahanaka, aho iyo ngeso nziza itari muri mwebwe nyene ?
5. Mwopfuma gutangura kurangura iyo ngeso nziza tuvuga, muri kumwe nabo.
6. None rero nimubavyure kandi mubareshe gukora ingeso nziza, bivuye ku karorero kanyu.
7. Ni mwumvikane rero nabo mu biraba imigenzo myiza, ukwirega n'ugusangira Ukaristiya, n'ibindi bikorwa vyiza, uko bishoboka kandi uko bibabereye.
8. Birakwiye kandi biratunganye ko abavyeyi botanga akarorero keza, kandi bobera abana icirori c'iteka mu butungane no mu bikorwa vyose, mu bisanzwe n'ibitasanzwe.

ICIBUTSO C'7. UKWIKINGIRA ABIHEBEYE IMANA B'IBINYOMA.

1. Mumenye yuko mwashinzwe kurwanira no gukingira intama zanyu impfyisi n'ibisuma, n'ukuvuga ubwoko bubiri bw'abantu b'inabi eka n'abarozi. Mubakingire imitego y'abitwa abihebeye Imana b'ibinyoma, n'abataye bakarwanya ukwemera.
2. Imbere ya vyose, mu vyerekeye inyifato z'abantu babi, nimuhanure abana banyu ngo bareke kumenyerana nabi n'abahungu, n'abandi bagabo, naho boba ari abantu b'Imana.
3. Na kare ugucudikana ugutariko no mu vy'imitima, nka misi yose guhindukamwo ugucudikana mu vy'ikibiribiri.
4. Abo bana banyu nimubabuze kandi kugendera, uko mushobora kwose, abagore b'ibinebwe, batakunda gusonera ubwerentegerwa..
5. Erega abantu nk'abo baryoherwa n'ukuyaga ibitagira mvura, n'ibizira.
6. Nimubakebure kugira ngo ababiregesha, canke abandi bihebeye Imana, bareke kubahebuza mu ngeso nziza,
7. canke mu biraba ukwisonzesha,
8. canke mu biraba ingingo itashinguka y'ubwerentegerwa,
9. canke mu vy'ugukunda Amategeko twahawe n'Imana,
10. canke mu vy'ukubahebuza mu bindi vyiza.
11. Kuko benshi, naho basa n'abahanuzi beza, bakunda guhindura ubwenge bw'abantu nyabworo, mu vyipfuzo no mu ngingo bari bashinze.
12. Hanyuma mu vyerekeye ukubakingira imigambi y'abateranya abakristu mu kwemera, aho mwumva yuko hari abantu bamenyekana nk'abahakanyi,
13. canke bigisha ibitahura n'ivyo bama bigisha muri Ekleziya,
14. kandi bigisha ibitahura n'ivyo natwe tubigisha,
15. nimuhanurane ubwitonzi abigeme banyu ngo bareke guteg'amatwi abantu nk'abo.
16. Mbere birashika yuko bamaze kwakira inyigisho nk'izo, mu nyuma birabagora cane kubirandura.
17. None rero namwe nimwikingire ivy'ukunywana nabo bahanuzi b'ibinyoma.
18. Nimubahebe mu nyigisho zabo.
19. Ntimubacire urubanza.
20. Nimwitonde rero mu kurwanira ibanga ryanyu.
21. Kuko vyoba vyo gukurikira ibizwi neza ata nkomanzi, hagukurikira ivyo bakekerezwa, kandi batazi neza.

22. Nimubandanye inzira n'imigenzo vya kera vy'Ekleziya, aberanda bakomeje bashimitse batumwe na Mutima Mweranda. Nimwiyubure, mube bashasha.
23. Mu vyerekeye izindi nyigisho nshasha biriko biragwira ubu, kandi bizobandanya no hanyuma, mubireke bigende nk'ibintu bitabaraba.
24. Nimusenge kandi musengeshe, kugira ngo Imana ntihebe Ekleziya yayo, ariko iyihindure riho uko ishaka,
25. kandi uko bibabereye kuruta.
26. Nimurondere ibiyitera iteka n'ubuninahazwa bwayo.
27. Muri iyi myaka ifise imitego ishaka kubatirimutsa, nta yandi mahungiro muzoronka kiretse muni y'umusalaba wa Yezu Kristu. .
28. Kuko iyo ari We abagenza akabigisha, muzokwigishwa uko Umuhanuzi abivuga n'ubu. Na kare *"Harahiriwe uwuzorongorwa nawe Mukama"*!
29. Rero ni mwicisha bugufi muni y'ikiganza gishobora vyose c'Imana, mu gusemerera hamwe n'Umuhanuzi muti : *"Murikire amaso yanje, Mukama, kugira ngo sinsinzire na rimwe mu rupfu"*. Niho muzomurikirwa.

ICIBUTSO C'8. NTIMUGIRE "BANKUNZI". UGUKOSORANA.

1. Ni mukunde abigeme banyu bose. Ntimugire "ba nkunzi" !
2. Na kare bose n'abana b'Imana, kandi mwebwe ntimuzi ico Imana ishaka kubakoresha.
3. Mbega, mwebwe mushobora mute kumenya ko ba "Ntakimazi", canke Ba "Ntamagara" bazoba ba "Nkundwanimana", n'abanyamwete kurut'abandi mu nyonga zayo ?
4. Kandi ni nde ashobora gutegera umutima n'ivyiyumviro vyinyegeje mu nda y'umuntu?
5. None rero mubakirize yompi n' urukundo, kandi mwiyumanganye kuri bose co kimwe, kuko atari mwebwe mwashinzwe gucira urubanza incoreke z'Imana. Iyo Mana nyene ni Yo izi neza uko ishaka kubatuma.
6. Imana, uko vyanditswe mu Bitabu Vyeranda, ishobora gukuramo no mu mabuye abana bayo b'ijuru.
7. Ku rundi ruhande namwe mufise uruhara rwo kubakosorana rukundo n'igishika aho mubona ko baguye mu mutego kubera intege nke zabo.
8. Mur'ubwo buryo ntimuzoreka gututura uwo muzabibu Imana yabahaye.
9. Hanyuma ni murekere Imana, izogira ibitangaza igihe kigeze, kandi aho izoshakira.

ICIBUTSO C'9. NDABASEZEYE : MWAMANE UBUMWE MU MWUMVIKANO !

1. Impanuro yanje ya nyuma ndabahaye, noshigikira no mu gutanga amaraso yanje, n'iyoyi: "Nimwumvikane mwebwe mwese, mwung'ubumwe mwese hamwe, n'umutima umwe n'ugushaka kumwe".
2. Muje hamwe mufatanijwe n'urukundo, murabana ryiza. Mufashanya, mwihanganirana muri Yezu Kristu !
3. Kuko ni mwigora mu kubirangura gurtyo, nta gukeka, Umukama Imana azoba hagati yanyu.
4. Bikira Mariya azoba iruhande yanyu.
5. Abatumwa,
6. aberanda bose,
7. n'abamalayika,
8. eka ijuru ryose n'ibiremwa vyose, bizoba iruhande rwanyu.

9. Kuko Imana yabishinze gurtyo kuv'imyaka yose: Ko abumvikana mu vyiza, mu kuyiter'iteka, bazorondoka, kandi ivyo bakora vyose binogerezwa neza, kuko Imana izobarwanira hamwe n'ibiremwa vyose.
10. Nimwihweze namwe ingene umwumvikano n'ubumwe bihambaye.
11. Rero nimwipfuzwe ubwo bumwe n'umwumvikano.
12. Nimubirondere.
13. Muvyakirize yompi.
14. Mubizigamane inguvu zanyu zose.
15. Jewe ndababwiye nti: "Nimwunge ubumwe mwese, n'umutima wanyu wose. Muzoba nk'urutare rutamenwa, canke nk'umunara utasiduka namba" !
16. Mu kwung'ubumwe muzoshobora rero kurwanya amagorwa yose,
17. ivy'uguhamwa nabi vyose,
18. ivy'imitago ya shetani yose.
19. Kandi, n'ukuri, inema zose muzosaba ku Mana, muzozironka mutasiba, mwunze ubumwe..
20. Jewe nanje, urudahengeshanya, nzoba ndi hagati yanyu, mu gushigikira ibisabisho vyanyu.
21. Nimubaremeshe rero ngo baranguran'ubutwari ubutumwa batanguye.
22. Kandi ni muhimbarwe kuko ico ndababwira, ata gukeka, kizoranguka.
23. Yezu Kristu, Umukunzi wanjye, akaba Umukunzi wa twese, mu gihe c'urupfu azobaha iteka rinini cane, kandi ntangere.
24. Kuko ubucuti bw'ukuri buzobonekera mu bukene no mu magorwa ya cane.
25. Nimwemere kandi, ata makenga, ko, mu gihe c'ayo magume, muzobona neza ubucuti butatana mu ndagano ndabafitiye.
26. Ubu ndabasezeye. Nimunezerwe! Nimukomeze ukwemera n'ukwizigira.
27. Ariko imbere yo kubasezera, nshaka ngo muhezagirwe:
"Kw'izina rya Data, na Mwana, na Mutima Mweranda" !